



Pou Piblikasyon Imedya: 12/03/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 725 MILYON DOLA POU FINANSE PWOJÈ ENFRASTRIKTI DLO

Pwojè yo pral ranplase kanalizasyon dlo potab an plon epi amelyore enstalasyon tretman dlo ize yo

Jodi a Gouvènè Kathy Hochul te anonse ke Konsèy Administrasyon Kòporasyon Etablisman Anviwònmanal Eta New York (New York State Environmental Facilities Corporation, NYS EFC) la te apwouve plis pase 725 milyon dola kòm asistans finansye pou ede 13 minisipalite ak otorite piblik fè avanse pwojè enfrastrikti enpòtan k ap pwoteje oswa amelyore kalite dlo. Finansman akoutèm yo ak sibvansyon ki te anonse anvan yo ke Konsèy Administrasyon EFC apwouve yo pral bay gouvènman lokal yo kapital pou ede yo kòmanse travay pou pwojè enpòtan yo. Konsèy la te apwouve tou plizyè konvèsyon finansman alontèm ki ofri soulajman nan enterè pou pwojè ki egziste yo ak redui dèt pou minisipalite yo.

Nan finansman pwojè ki anonse yo, plis pase 650 milyon dola nan asistans finansye pral ede Otorite Finans Dlo Minisipalite Vil New York (New York City Municipal Water Finance Authority) la pote amelyorasyon nan plizyè izin kontwòl polisyon dlo nan vil la. Apeprè 6 milyon dola nan sibvansyon ak finansman pral ede Vil Elmira nan Konte Chemung ranplase kanalizasyon dlo potab an plon yo ak yon sibvansyon 2.75 milyon dola ak pake finansman pral ede amelyore izin tretman dlo ize Vilaj Cobleskill la nan Konte Schoharie.

"Chak grenn kominote nan New York merite jwenn aksè nan dlo pwòp, se poutèt sa investi nan enfrastrikti dlo pwòp se yon priyorite prensipal", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Avèk ogmantasyon nan finansman apati Lwa federal sou Enfrastrikti Bipatizan ak investisman istorik nan inisyativ dlo pwòp yo nan Bidjè Egzekitif mwen an, nou pral travay ansanm avèk gouvènman lokal yo pou modènize enfrastrikti dlo New York la pou pwoteje sante piblik la ak anviwònman an epi ede asire yon ekonomi ki solid".

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Kòporasyon Etablisman Anviwònmanal la (Environmental Facilities Corporation, EFC) Maureen A. Coleman te deklare, "Angajman Gouvènè Hochul pou satisfè objektif kalite dlo New York yo souliye yon lòt fwa ankò avèk yon lòt gwo investisman nan pwojè enfrastrikti dlo yo. EFC

kontan pou li bay solisyon rantab pou gouvènman lokal yo atravè Fon Woulman Eta a ak sibvansyon dlo eta a yo".

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal (DEC) ak Prezidan Konsèy EFC, Basil Seggos, te deklare, "Depi lè Gouvènè Hochul te antre an fonksyon, li te fè pwoteksyon kalite dlo New York tounen youn nan pi gwo priyorite li yo. Travay avèk plis pase yon douzèn minisipalite ak otorite piblik se yon etap enpòtan nan efò kontinyèl Eta a pou bay kominote yo resous ki nesese pou bay aksè nan dlo potab ak fè amelyorasyon nan tretman dlo ize enpòtan yo pou pwoteje sante piblik la ak anviwònman an".

Komisè Sante Eta New York la Doktè Mary T. Bassett, te deklare, "Soti nan tretman nouvo kontaminan ki fèk règleman ki menase kalite dlo potab rive nan asire eliminasyon apwopriye dlo ize, angajman fiskal sa yo pral benefisye sante ak byennèt tout Nouyòkè yo. Nou kontan paske nou kapab sipòte kominote sa yo pandan y ap travay pou amelyore ak modènize sistèm apwovizyonman dlo ak septik ki demode yo".

Apwobasyon Konsèy yo enkli finansman atravè Fon Woulman Eta a pou Dlo Pwòp la (CWSRF) ak Fon Woulman Eta a pou Dlo Potab (DWSRF) ak sibvansyon ki fè pati pwogram Lwa pou Amelyorasyon Enfrastrikti Idwolik (WIIA) a. Vizite [sitwèb](#) EFC a pou aprann plis sou opòtinite finansman enfrastrikti dlo.

EFC rekòmande minisipalite yo pou patisipe nan Ankèt sou Bezwen Basen Vèsan Idwolik Pwòp (CWNS) Ajans Pwoteksyon Anviwònmantal (Environmental Protection Agency, EPA) la, ke EFC te lanse nan New York nan 1 mas. Patisipasyon enpòtan piske li afekte ki kantite finansman ki pral distribiye bay Eta New York pou finanse pwojè enfrastrikti dlo pwòp yo alavni. Yo mande minisipalite yo pou dokimante bezwen enfrastrikti dlo ize kominotè yo pou soumèt bay EPA. Ale sou www.efc.ny.gov/needs pou w soumèt dokiman yo ak pou jwenn resous pou ede avèk soumisyon yo.

Finansman Pwojè Dlo Pwòp yo apwouve:

- Otorite Minisipal Finansman Dlo Vil New York (New York City Municipal Water Finance Authority) - 657,949,860 dola nan finansman akoutèm pou konsevwa epi konstui plizyè izin kontwòl polisyon dlo nan vil la.
- Otorite Minisipal Finansman Dlo Albany (Albany Municipal Water Finance Authority) nan Konte Albany - 4,407,496 dola nan finansman alontèm, san enterè ak yon sibvansyon WIIA 277,498 dola pou konsepsyon ak konstriksyon Pwojè Rediksyon Devèsman ak Inondasyon nan Egou Beaver Creek la.
- Vil Caneadea nan Konte Albany - 800,000 dola nan finansman akoutèm, san enterè ak 1,000,000 milyon dola nan finansman akoutèm, nan to mache a pou planifye, konsevwa ak konstui yon sistèm dezenfeksyon nan izin tretman dlo ize vil la.

- Vilaj Cobleskill nan Konte Schoharie - 2,025,000 dola nan finansman akoutèm, san enterè ak yon sibvansyon WIIA 747,250 dola pou izin tretman dlo ize ak amelyorasyon nan sistèm koleksyon.
- Vil New Baltimore nan Konte Greene - 1,875,733 dola nan finansman alontèm, san enterè ak yon sibvansyon WIIA 111,712 dola pou amelyorasyon nan sistèm dlo ize.
- Vil Ogdensburg nan Konte St. Lawrence - 20,000,000 dola nan finansman alontèm, san enterè pou konsevwa ak konstwi izin tretman dlo ize ak pou amelyorasyon nan estasyon ponp.

Finansman Pwojè Dlo Potab yo apwouve:

- Vil Elmira nan Konte Chemung - 2,870,789 nan finansman akoutèm, nan to mache a ak yon sibvansyon WIIA 3,000,000 dola pou ranplase liy sèvis ak kontè an plon yo, ranplase konduit prensipal transmisyon rezèvw 30 pous la, ajiste pasaj Rivyè Chemung Harmon Street la epi ranplase Pasaj Rivyè Chemung Madison Avenue an ak konduit distribisyon/transmisyon Water Street.
- Twa minisipalite nan Konte Onondaga te gen finansman yo ki apwouve pou yon pwojè konjwen pou enstale anviwon 51,000 pye lineyè konduit dlo prensipal, nouvo rezèvw estokaj ak estasyon ponp nan koneksyon Vil Syracuse ak Hamilton Road, yon nouvo estasyon ranfòsman klò nan Jordan Road, ranplase ak deplase yon estasyon ponp ki egziste nan espas fèmen epi konsolide sistèm dlo piblik Pak Kay Mobil Champions lan.
 - Vil Elbridge - 2,686,259 dola nan finansman akoutèm, san enterè ak 5,372,516 dola nan finansman akoutèm, nan to mache a pou vil la.
 - Vilaj Elbridge - 1,748,602 dola nan finansman akoutèm, san enterè ak 3,497,204 dola nan finansman akoutèm, nan to mache a pou vilaj la.
 - Vilaj Jordan - 2,697,199 dola nan finansman akoutèm, san enterè ak yon sibvansyon DWSRF 3,000,000 dola.
- Vil Orleans nan Konte Jefferson - 7,313,141 dola nan finansman alontèm, san enterè ak yon sibvansyon WIIA 420,351 dola pou kreye Distri Dlo Route 12 Eta New York la ak enstale nouvo konduit prensipal distribisyon, yon estasyon ponp ak yon rezèvw estokaj dlo ki fini pou entèkonekte avèk Distri Dlo Route 12 Vil Alexandria.
- Vil Stark nan Konte Herkimer - 814,467 dola nan finansman alontèm, san enterè ak yon sibvansyon WIIA 128,626 dola pou devlope nouvo sous pwi, yon rezèvw estokaj dlo ki fini, ranplase ansyen konduit dlo prensipal yo ak ajoute nouvo kontè dlo.
- Vilaj Tannersville nan Konte Greene – 2,249,788 dola nan finansman alontèm, san enterè ak yon sibvansyon WIIA 534,835 dola pou reyabilite izin tretman dlo ki egziste a, tretman eliminasyon asenik pou Pwi Rip Van Winkle la, kapasite siplemantè sous dlo anba tè, ranplase ansyen konduit prensipal dlo ak kontè yo epi reyabilitasyon rezèvw estokaj dlo ki egziste a.

Bidjè Egzekitif Ane Fiskal 2023 Gouvènè Hochul la chita sou angajman presedan nan pwopoze plis pase mwaye milya dola nan investisman dirèk nan inisyativ dlo pwòp, ki genyen ladan yo:

- 500 milyon dola nan finansman enfrastrikti dlo pwòp, k ap mete total investisman Eta a nan dlo pwòp a 4.5 milya dola depi 2017.
- 400 milyon dola - yon nivo finansman rekò pou Fon Pwoteksyon Anviwònmanal la (Environmental Protection Fund, EPF) - pou sipòte pwojè enpòtan ki fonksyone pou diminye risk efè chanjman klimatik la, amelyore resous agrikòl yo, pwoteje sous dlo yo, fè efò prezèvasyon yo avanse, epi bay opòtinite rekreyatif.
- 4 milya dola pou Lwa sou Obligasyon Anviwònmanal Dlo Pwòp, Lè Pwòp ak Travay Vèt la. Si elektè yo apwouve l sezon otòn sa, inisyativ istorik sa ap bay sipò Eta New York bezwen pou retabli abita anviwònman ki enpòtan yo; diminye risk inondasyon; konsève plis tè ak espas ouvè; pwoteje ak amelyore resous dlo nou yo; epi investi nan pwojè rediksyon chanjman klimatik k ap diminye polisyon epi redui emisyon kabòn yo.

###

Lèt nouèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)